Depatman Edikasyon FLORIDA

KONSÈY EDIKASYON ETA

KATHLEEN SHANAHAN, *Prezidan*

ROBERTO MARTÍNEZ, *Vis-Prezidan*

Manm yo

SALLY BRADSHAW

GARY CHARTRAND

DR. AKSHAY DESAI

BARBARA S. FEINGOLD

JOHN R. PADGET

Gerard Robinson
Manm Komisyon Edikasyon

Just Read, Florida!

Chè Paran oswa Responsab Legal,

Ou te ka tande oswa li enfòmasyon sou chanjman ki nan egzamen yo ak nan nòt lekòl yo, epi w ap mande kisa sa vle di pou pitit ou ak fanmi ou. Pou ede pi byen prepare elèv ou pou kolèj ak karyè, Depatman Edikasyon Florida fè tranzisyon nan nouvo prensip ki fikse egzijans pou sa elèv yo bezwen aprann nan chak nivo klas ak nan plizyè matyè. Nouvo egzamen yo evalye pwogrè yon elèv fè pou satisfè prensip yo. Nan mwa desanm nan, apre remak edikatè yo, paran yo, ak kominote a te bay, Konsèy Edikasyon Eta a te fikse nivo ki pi wo pou elèv yo pase nan egzamen lekti ak matematik.

W ap jwenn relvednòt elèv ou pou Lekti FCAT 2.0 ak Redaksyon FACT li te fè nan prentan 2012 la. Paske sa se premye fwa nan 10 zan Florida te gen nouvo nivo reyisit nan lekti, ou ka wè yon nòt ki pi ba pou elèv ou pase sa li te resevwa anvan. Sa pa vle di pitit ou gen mwens konesans, oswa sa pa vle di pwofesè li pa fè yon bon djòb. Nenpòt lè nou ogmante prensip yo, kèk elèv ap fè plis efò pou satisfè nouvo egzijans yo.

Relvednòt elèv ou pou FCAT prentan 2012 la montre kèk chanjman nan fason pitit ou te resevwa nòt pou egzamen redaksyon. Te genyen de (2) korektè ane sa a alaplas youn, epi yo te konsantre plis sou bon jan ponktiyasyon, òtograf, ak gramè, ak sou fason elèv ou te bay detay sipò nan redaksyon li te ekri a.

Alòske nou te espere wè pi piti nòt nan redaksyon an, lè premye rezilta yo te kòmanse vini nan eta a, yo te apèn pi piti pase sa ki te prevwa. Nou te monte ba a. Nou te bay nòt yo avèk plis severite. Nou te konnen posiblite elèv nou yo pou ekri redaksyon pa t chanje toudenkou.

Nan dat 15 me, Konsèy Edikasyon Eta a te apwouve chanjman prensip pou nivo pèfòmans nan redaksyon ki itilize pou nòt lekòl yo ant 4.0 ak 3.0 sou yon echèl 6 pwen pou kite tan pou revize rezilta yo ak pwosesis la. Sa te vle di tou pi piti nòt yo pa ta gen yon gwo konsekans sou nòt lekòl la pou ane sa a.

Li enpòtan pou konprann Florida pa itilize nòt redaksyon pou pran desizyon pou janbe elèv yo nan lòt klas. Eta a itilize nòt la lè l ap kalkile nòt lekòl la. (Distri lekòl ou ka konsidere nòt redaksyon an nan yon nivo distri a. Ou kapab kontakte pwofesè oswa lekòl elèv ou pou wè si prensip sa a aplike nan distri ou.)
Ogmantasyon prensip edikasyonèl yo ak evalyasyon pwogrè yon elèv fè pou satisfè prensip sa yo se bagay ki bon pou fè. Li efikas. Chak fwa nou monte ba a nan Florida, apre nou te bese li anvan, nòt yo ogmante.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou relvednòt pitit ou nan Entènèt sou sitwèb Depatman an nan *Understanding FCAT 2.0 Reports Spring 2012 (Entèpretasyon Rapò FCAT 2.0 Prentan 2012)* (http://fcat.fldoe.org/fcat2/pdf/s12uf2r.pdf). Gen plis enfòmasyon sou Redaksyon FCAT ki disponib nan http://fcat.fldoe.org/fwinfopg.asp. Genyen tou yon nouvo sitwèb pou paran yo kote yo kapab anrejistre pou resevwa enfòmasyon sou edikasyon pitit yo (http://www.floridapathtosuccess.org).

Ak tout kè mwen,

Gerard Robinson

Nòt: Si nou pa t kapab konpare nòt pitit ou nan lekti avèk nòt li te resevwa ane pase, w ap jwenn li nan nouvo echèl rapò FCAT 2.0 pou ou kapab konpare li avèk nòt ane sa a. Paske prensip pou reyisi a pi wo, nòt konvèti elèv ou nan ane 2011 ka parèt pi ba nan nouvo echèl la pase jan li te ye toutbon. Pa egzanp, yon elèv ki te resevwa nòt nan Nivo Reyisit 3 nan ane 2011 tak parèt nan nouvo echèl la kòm yon elèv ki fè yon nòt nan Nivo Reyisit 2. (Sa pa vle di nòt 2011 elèv ou te chanje; nòt konvèti yo se sèlman pou konparezon pou ou kapab wè kijan nòt ane sa a konpare avèk nòt ane pase a.)